



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 1.3 MILYON DOLA POU OGMANTE AKSÈ NAN RIVYÈ HUDSON (HUDSON RIVER) EPI AMELYORE PWOTEKSYON ANBOUCHI YO**

***Pwojè yo Ogmante Pwogram Aksyon nan Anbouchi Rivyè Hudson nan (Hudson River Estuary) epi Fè Pwomosyon Jewyon Anviwònman an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te akòde 1.3 milyon dola bay 12 pwojè pou ede kominote sou tout Anbouchi Rivyè Hudson nan amelyore aksè a lwazi ak edikasyon sou rivyè. Sibvansyon yo ap sipòte reparasyon ak mentnans waf ak eritaj bato an vwal yo, ofri nouvo peyizaj, opòtinite edikatif epi amelyore aksè pou moun andikape.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Rivyè Hudson nan se yon pati ki vital nan idantite New York e youn nan atou natirèl ki defini nou. Ak finansman sa, pwojè sa yo ap ede pwoteje kanal presye sa, ogmante aksè epi kreye plis opòtinite pou Moun New York ak vizitè yo amize yo, menm jan pou jenerasyon k ap vini yo.”

Pwogram sibvansyon an, ki fè pati Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la (New York State’s Environmental Protection Fund), yo te akòde yon nivo finansman rekò 300 milyon dola nan Bidjè Eta pou ane 2017 la (FY 2017), jere atravè Ministè Prezèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC). Pwojè sa yo ap amelyore aksè nan rivyè a ak opòtinite edikatif epi fè objektif ki fikse nan [Pwogram Aksyon 2015-2020 Anbouchi Rivyè Hudson](#) nan pwogrese.

**Delege DEC a (Department of Environmental Conservation) Basil Seggos te di:**

“Ak pwogram Asistans pou Anbouchi a, anpil kominote bò rivye ap pouswiv pwojè ki favorize jesyon resous natirèl yo, tankou teknik rivaj dirab, planifikasyon espas ouvè ak envantè resous natirèl. Sibvansyon sa yo apiye efò ak priyorite konsèvasyon lokal yo ki favorize nouvo posiblite pou touris nati ak benefis ekonomik ki asosye yo.”

**Benefisyè Sibvansyon yo se:**

**Hudson River Park Trust (New York) - \$200,000**

Hudson River Park Trust ap acheve konsepsyon ak enjenyeri maritim yon waf flotan an beton nan Hudson River Park Pier 26. Konsepsyon an ap genyen ladan l sèvis piblik yo ak yon ranp aksè Lwa sou Ameriken ki Andikape a (Americans with Disabilities Act, ADA) apwouve ak modifikasyon ki nesèsè nan enfrastrikti maritim ki egziste deja a nan Pier 26 la. Waf amelyore a ap pèmèt li akeyi gwo bato ki enkli Hudson River Sloop Clearwater, e l ap sèvi kòm pwen aksè rivyè a pou edikasyon ak rechèch.

### **Seaport Museum New York (New York) - \$195,000**

Seaport Museum New York ap repara de navi edikatif istorik, *Pioneer* ak *Lettie G. Howard*, ki itilize kòm klas flotan pou pwogram sou ekoloji, istwa natirèl ak kalite dlo. Reparasyon yo enkli yon motè ki pi efikas ak nouvo vwal pou *Pioneer*, ak pon, kòk, enstalasyon ak reparasyon jeni pou *Lettie G. Howard*.

### **Clarkson University (New York) - \$193,639**

Clarkson University ap dirije yon konsòsyòm patnè pou devlope yon plan pou ekspozisyon espas ak ekspozisyon dijital nan Estyaryòm Hudson Park Pier 26 nan Vil New York. Estyaryòm nan se ap yon sant dekouvèt piblik ak yon destinasyon pou ekspozisyon edikatif dinamik sou lasyans, anviwònman ak istwa Anbouchi Rivyè Hudson nan. Sibvansyon an ap finanse devlopman sit entènèt Estyaryòm nan tou ak pòtal edikatif li a.

### **Cary Institute for Ecosystem Studies (Dutchess & Ulster) - \$158,549**

Cary Institute for Ecosystem Studies ap fòme elèv lekòl segondè ak pwofesè yo pou itilize done ki soti nan Sistèm Obsèvasyon Kondisyon Anviwònman Rivyè Hudson (Hudson River Environmental Conditions Observing System, HRECOS) ak basen vèsan Rivyè Hudson nan pou yo genyen yon meyè konpreyansyon sou anviwònman an. Enstiti a ap konstwi yon pòtay done sou entènèt pou prezante nouvo seri done syans sosyal ak anviwònmanal yo pou itilize nan klas la, ansanm ak resous pou elèv, pwofesè ak lòt moun. Pèsonèl Cary a ap fè patenarya tou ak Spark Media Project pou ede elèv nan twa kominote jistis anviwònmanal yo patisipe nan Konkou "Hudson Data Jam", yon evènman anyèl ki mete elèv yo nan defi pou rakonte istwa nan fason kreyatif pou yon odyans jeneral lè yo itilize done ki soti nan basen vèsan Rivyè Hudson nan.

### **Hudson River Maritime Museum (Ulster) - \$120,263**

Hudson River Maritime Museum ap konstwi yon bato eritaj an bwa, 21-pye, pou uit moun, pou bay edikasyon "sou dlo" ak aksè nan mare Wiso Rondout (Rondout Creek) ak Rivyè Hudson nan. Mize a ap dokimante konstriksyon bato a, k ap fèt sou bato lekòl k ap konstwi sou pon rivyè a. Sibvansyon an ap finanse tou konstriksyon aksè inivèsèl nan waf mize a, ki enkli yon antre aksesib ak ranp nan waf yo, ak yon kayak ki konfòm ak ADA a ak ti bato chaloup ki enkli yon ban transfè pou aksè fotèy woulan.

### **Divizyon Resous Anviwònmanal Konte Rockland (Rockland County Division of Environmental Resources, Rockland) – \$106,250**

Divizyon Resous Anviwònmanal Konte Rockland ap ranplase tout waf flotan an bwa ki egziste deja yo nan Haverstraw Bay Park, pou waf ki rezistan ak tanpèt, ki an konfòm ak ADA. Lòt amelyorasyon yo enkli, ekipe yon chaloup kayak ki aksesib nan youn nan glisad bato a. Konte a ap itilize pasrèl ak kè ki egziste yo pou enstalasyon, ki fè pati yon pi gwo pwojè pou repara domaj ki soti nan Gwo Tanpèt Sandy a.

### **Manhattan College – (Westchester & Bronx) \$74,628**

Manhattan College ap devlope aplikasyon web ak sit entènèt pou ede elèv fondamantal rive nan inivèsite nan Peekskill, Cortlandt, ak Bronx, reyini, pataje epi fò konklizyon sou obsèvasyon ki baze sou prèv sou Anbouchi Rivyè Hudson nan lè yo itilize pwòp smartphone yo. Elèv yo ap kolekte echantiyon dlo nan de mare anbouchi epi y ap telechaje done ki konpatib ak Bluetooth sou paramèt vital dlo yo pou analize kalite dlo a, ke y ap itilize nan sesyon kolaboratif nan klas yo.

**Arm of the Sea Productions, Inc. (Ulster) - \$73,934**

Arm of the Sea Productions ap acheve planifikasyon, konsepsyon ak otorizasyon ki nesèsè pou konstwi yon sant pou edikasyon sou anbouchi Rivyè Hudson sou sit yon izin papye 19<sup>yèm</sup> syèk sou mare Wiso Esopus la (Esopus Creek). Pwopriyete 1.5 kawo tè a kole ak Tina Chorvas Waterfront Park nan Vilaj Saugerties.

**Depatman Pak ak Lwazi Vil New York, Bronx (New York City Department of Parks & Recreation, Bronx) - \$58,350**

Depatman Pak ak Lwazi Vil New York ap fini planifikasyon yon pwojè aksè nan rivaj sou tout Anbouchi Rivyè Hudson nan, nan Bronx ant High Bridge ak Alexander Hamilton Bridge nan yon kote yo rele Bridge Park South. Yo te itilize sit la anvan kòm yon zòn chantye konstriksyon e li genyen plis pase 215,000 pye kare tè bò rivyè. Pwojè a ap konsantre sou planifikasyon aksè pou edikasyon anviwònmanal ak amelyorasyon abita, e l ap genyen ladan l yon ankèt ak analiz sou sit la, evalyasyon idwodinamik, sansibilizasyon kominotè ak plan konsèp la.

**Marist College (Dutchess) - \$54,674**

Marist College ap modènize epi mete ajou yon bato edikatif 28 pye pou ogmante aksè pou de pwogram edikatif ki bay eksperyans anplennè sou rivyè nan Anbouchi Rivyè Hudson nan. Mèdènizasyon an genyen ladan l, modifikasyon nan balistrad pon an, elajisman pòt balistrad la ak yon ranp idwolik ki ekipe ak balistrad. Modènizasyon ak mizajou ekipman yo ap ogmante opòtinite pou elèv tout laj epi ogmante kapasite pou yo genyen eksperyans pratik ak konesans sou Anbouchi a.

**Vil Cortlandt (Westchester) - \$50,000**

Vil Cortlandt ap acheve yon etid fezabilite, plan konseptyèl ak planifikasyon enstalasyon pou yon Sant Edikasyon Anviwònmanal nan Zòn Rivyè Hudson nan (Hudson River Environmental Educational Center) k ap sitiye nan sant Cortlandt Waterfront Park nan seksyon riral Verplanck. Sant edikatif la ap bay vizitè ak gwoup lekòl yo yon kote pou yo aprann sou rivyè a e patikilyèman wòl Rivyè Hudson nan devlopman seksyon riral Verplanck lan ak divès sektè li yo ki enkli lapèch, fabrikasyon brik ak rekòt glas.

**Rensselaer Land Trust (Rensselaer) - \$26,500**

Rensselaer Land Trust ap kreye yon Plan Aksè nan Rivyè Hudson (Hudson River Access Plan) pou kominote bò rivaj yo nan Konte Rensselaer. Plan an ap bay yon envantè sou sit aksè piblik ki egziste yo, rechèch pou nouvo sit potansyèl yo e l ap fè rekòmandasyon pou amelyorasyon pou rezistans kont tanpèt ak aksè pou moun ki andikape.

Plan Aksyon sou Anbouchi Rivyè Hudson nan (Hudson River Estuary Action Plan) enkli yon kantite pwojè ak pwogram pou prezève oubyen amelyore: dlo pwòp, rezistans kominotè, ekosistèm vital anbouchi a; pwason, fôn ak abita yo; peyizaj natirèl; ak aksè ak edikasyon sou rivyè a. Pou w wè Plan Aksyon an e pou w jwenn detay konplè sou nouvo finansman sibvansyon an, tanpri, ale [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418